



KOUVÈTI SANTE MWEN AN NAN YON TI KOUT JE



ENFÒMASYON SOU PLAN AN:

Non plan an

Nimewo group la

Nimewo ID manm lan

Sit entènèt

Nimewo telefòn

Lòt

KONNEN SA W PEYE POU SWEN AN:



PRIM: Pèman ou fè bay yon konpayi asirans sante oswa yon plan pou kouvri w. Anjeneral yo peye l chak mwa pou kenbe kouvèti asirans ou an.

Pri



DEDIKTIB: Kantite lajan w peye pou sèvis swen sante yo anvan plan sante w la kòmanse peye pou yo.

Pri

Sèvis mwen ka jwenn anvan mwen satisfè dediktib mwen an. Sa gen ladann sèvis prevansyon yo, tankou vaksen kont grip, pap tès, ak tès kansè kolorektal yo, elatriye.




KOPÈMAN (KOPÈMAN): Yon kantite lajan fiksou peye pou yon sèvis oswa ekipman medikal. Ka gen diferan depans pou yon vizit kay doktè, vizit lopital pou pasyan ekstèn yo, oswa preskripsyon.

Kopèman swen prensipal

Kopèman espesyalis

Kopèman preskripsyon

Kopèman lopital



KO ASIRANS: Yon pòsyon w peye kòm pati nan pri pou sèvis aprew fin peye tout dediktib yo.

Ko asirans prensipal

Ko asirans espesyalis

Ko asirans preskripsyon

Ko asirans lopital



MAKSIMÒM KÒB W AP DEPANSE:

Se plis lajan w peye anvan plan w lan kòmanse peye 100% pou sèvis ki kouvri yo pandan ane plan an.

Maksimòm kòb w ap depanse

Antre maksimòm aktyèl la epi make si l gen ladan l dediktib ak lòt frè.



SÈVIS PREVANSYON YO: Depistaj swen sante woutin, tchekòp, ak vaksen yo. Pa egzanp, vaksen kont grip, tès depresyon, ak tès tansyon.

Pri

\$0 (pou pifò plan yo, ajiste l si sa nesesè)

KONNEN KI KOTE POU W ALE POU W JWENN SWEN:

Konsèy sou pri yo: Anjeneral, sèvis yo koute mwens kòb si w itilize founisè ki nan rezo a yo. Tankou etablisman, founisè, ak distribitè plan w lan te dakò itilize pou ofri sèvis yo. Pou w konnen ki moun ki nan rezo a, tcheke repètwa plan an epi mande biwo founisè w la sa.



FOUNISÈ SWEN PRENSIPAL: Se founisè prensipal (souvan yon doktè) ou wè an premye pou pifò pwoblèm sante w genyen yo. Li ka yon kabinè prive, yon klinik kominotè, oswa yon lòt kote. Ale kay founisè sa a pou sèvis prevansyon yo, preskripsyon oswa lòt kesyon sante yo.

Non founisè m lan

Nimewo telefòn founisè m lan



ESPESYALIS: Se yon doktè ki konsantre l sou yon domèn espesifik nan medsin oswa sou yon gwoup pasyan pou fè dyagnostik, jere, anpeche oswa trete kèk tip sentòm ak kondisyon. Yon espesyalis ki pa doktè se yon founisè ki gen plis fòmasyon nan yon domèn espesifik.

Non espesyalis mwen an

Nimewo telefòn espesyalis mwen an



FAMASI: Yon magazen kote yo bay preskripsyon epi vann preskripsyon. Pou w ka achte medikaman ki nan preskripsyon yo, jwenn yon famasi ki nan rezo a. Konsa, ou p ap peye anpil lajan. Gade nan repètwa plan an oswa gade nan famasi lokal ou a.

Adrès famasi mwen an

Nimewo telefòn famasi mwen an



SÈVIS IJANS YO (ED OSWA ER):

Sèvis Ijans (ED) nan lopital lokal ou a se kote w ap jwenn sèvis pou yon maladi, yon blesi, yon sentòm, oswa yon kondisyon ki tèlman grav yon moun rezonab t ap al chèche swen ak tretman touswit pou anpeche kondisyon an vin pi mal.

Adrès lopital lokal mwen an

Nimewo telefòn lopital lokal mwen an

DAT POU W SONJE AK LÒT NÒT

Revize plan w lan chak ane anvan Enskripsyon yo louvri epi kontakte plan w lan pou nenpòt chanjman nan lavi w (tankou marye oswa fè yon tibebe) oswa nenpòt chanjman nan enfòmasyon kontak ou. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w kòmanse ale sou [5 Fason pou w Pwofite Asirans Sante Ou An](#).

Dat echeyans prim lan

Dat renewèlman/lòt

Lòt enfòmasyon

Pou plis enfòmasyon ak yon glosè pou tèm yo, ale sou [go.cms.gov/c2c](https://www.go.cms.gov/c2c) pou w li *Fèy machaswiv pou w jwenn pi bon swen*.

Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini peye pou sa.
Dat Revizyon: Me 2022 Piblikasyon #909505-HC

